**Pou Piblikasyon Imedya:** 21/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON GWO ETAP NAN EKSPANSYON REZO KOMINIKASYON PWOPÒSYON ETA NOUYÒK LA

***Patenarya ant State University of New York nan Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven kreye pi gwo rezo pwopòsyon nan peyi a***

***Bati sou momantòm inovasyon ak ekselans rechèch pwopòsyon Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon etap enpòtan nan patenarya ant State University of New York (SUNY) (Inivèsite Eta Nouyòk) nan Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven nan Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Etazini an pou agrandi rezo kominikasyon pwopòsyon ki deja egziste nan Eta Nouyòk. Eksperyans ki reyisi pa chèchè nan tou de enstitisyon yo make yon etap enpòtan nan avanse patenarya sa a ak teknoloji pwopòsyon dènye kri ki nesesè pou elaji rezo pwopòsyon an atravè eta a. Ekspansyon rezo kominikasyon pwopòsyon an pral pèmèt nouvo dekouvèt nan divès sektè endistriyèl, ranfòse rechèch ak sibèsekirite, amelyore operasyon òdinatè tankou pou gwo modèl langaj, epi debloke nouvo opòtinite pou amelyore lavi Nouyòkè yo.

"Eta Nouyòk angaje l pou l envesti nan rechèch ak inovasyon dènye kri nan domèn emèjan ki fè sosyete nou an avanse", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya ant State University of New York at Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven lan sèvi kòm yon ekselan egzanp sou kijan kolaborasyon ka fè dekouvèt avanse epi kreye teknoloji transfòmatè."

Ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse yon envestisman 300 milyon dola nan Eta Nouyòk pou etabli Sant Rechèch ak Inovasyon Pwopòsyon (Quantum Research and Innovation Hub) nan State University of New York nan Stony Brook Envestisman estratejik sa a kreye premye etablisman Nouyòk la ki dedye a ap travay ak edikasyon dènye kri nan syans ak teknoloji pwopòsyon, ak yon atansyon patikilye sou kominikasyon ak rezo pwopòsyon. Objektif enfòmatik pwopòsyon an se amelyore operasyon ak fonksyon òdinatè tout pandan y ap mande mwens enèji. Teknoloji sa a pral kapab debloke puisans enfòmatik pou adrese pwoblèm kritik Eta Nouyòk, nasyon an ak mond lan ap fè fas, epi li pral fè sa ak yon puisans enfòmatik ki pi gwo pou reyalize rezilta pi rapid.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Teknoloji pwopòsyon gen yon potansyèl enkwayab pou adrese defi mondyal konplèks epi revolisyone endistri yo. Avèk envestisman ak sipò kontinyèl Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a, patenarya sa a reprezante angajman SUNY pou fè rechèch inovan epi pozisyone Nouyòk kòm yon lidè mondyal."

**Konsèy Administrasyon SUNY te deklare,** "Patenarya State University of New York nan Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven lan souliye sa ki posib lè ekselans akademik ak rechèch klas mondyal reyini ansanm. Nou bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul la epi nou kontan ede nan kreyasyon pwochen jenerasyon teknoloji pwopòsyon an."

**Prezidan State University of New York, Andrea Goldsmith, te deklare,** "Agrandi rezo kominikasyon pwopòsyon nou an pou enkli yon lyen san fil se yon gwo pa annavan nan devlopman Entènèt Pwopòsyon Objè yo. Mwen kontan anpil ke chèchè briyan nou yo nan Stony Brook, ansanm ak patnè nou yo nan Laboratwa Nasyonal Brookhaven, te demontre pwogrè enpresyonan nan simonte defi enpòtan pou voye enfòmasyon pwopòsyon san fil atravè foton ki entèlye. Lè nou debloke koneksyon pwopòsyon san fil epi enkòpore li nan sèl rezo metwopolitèn nan mond lan ki sipòte kominikasyon pwopòsyon atravè entèlyezo, n ap transfòme transmisyon done an sekirite pandan n ap fè Long Island tounen yon sant inovasyon. Nou pwofondman rekonesan anvè fonksyonè eli nou yo, Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, Senatè Gillibrand ak Reprezantan LaLota pou sipò jenere yo ak pou envestisman yo te garanti nan rechèch pwopòsyon Long Island lan. Anfen, sa mete Eta Nouyòk nan tèt syans enfòmasyon pwopòsyon ak aplikasyon li pou sekirize kominikasyon pou finans, swen sante ak sibè sekirite."

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Depi lontan Long Island te lakay kèk nan enstitisyon syantifik ki pi enpòtan nan mond lan, e evènman enpòtan jodi a demontre sa ki posib lè enstitisyon sa yo travay ansanm. Patenarya ant Inivèsite Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven lan ap ede etabli Long Island kòm yon lidè nan teknoloji pwopòsyon epi pozisyone rejyon an pou atire talan, envestisman, ak kwasans ekonomik alavni pou ane k ap vini yo."

**Direktè Laboratwa Brookhaven, John Hill, te deklare,** "Depi lontan Brookhaven nan premye liy syans enfòmasyon pwopòsyon an, e reyalizasyon sa a reprezante yon lòt etap enpòtan nan pakou sa a. Lyen espas lib sa a se yon etap enpòtan nan pwòp dwa li, men li li fè pati tou yon plan ki pi laj ki mennen nan sistèm pwopòsyon distribye. Nou pral kontinye amelyore kapasite rezo a pou chèchè yo ka konekte sistèm pwopòsyon ki pi sofistike ansanm pou adrese yon seri pwoblèm, soti nan kalkil rive nan kominikasyon ak deteksyon nan fason ki pa posib jodi a."

Chèchè nan State University of New York nan Stony Brook ak Laboratwa Brookhaven te reyisi transmèt patikil limyè ki gen enfòmasyon pwopòsyon nan lè lib ant de enstitisyon yo. Chèchè yo te itilize yon lazè pou jenere eta limyè pwopòsyon, chak ki gen sèlman kèk foton endividyèl, nan Quantum Watchtower dènye kri a nan State

University of New York at Stony Brook. Soti nan Watchtower la, foton yo te soti nan nwayo yon fib optik ki te gen apeprè 5 mikron an dyamèt, ki mwens pase yon dizyèm lajè yon cheve imen, epi yo te vwayaje 21 km (13 mil) pou rive nan Quantum Lighthous nan Laboratwa Nasyonal Brookhaven la nan Upton, Nouyòk. Sa a se yon avansman enpòtan nan direksyon pou pwolonje pi long rezo pwopòsyon nasyon an — ki deja konekte uit ne atravè plizyè enstitisyon — pi lwen pase limit kab fib optik yo.

Quantum Lighthouse ak Quantum Watchtower, ansanm ak yon twazyèm etablisman an devlopman nan Yale University nan New Haven, Connecticut, fòme yon lyen optik espas lib (FSO) ki ajoute yon eleman san fil nan rezo pwopòsyon rekò a ki kounye a kouvri 259 km (161 mil) ak plizyè enstitisyon atravè Long Island ak zòn metwopolitèn Vil Nouyòk la.

Lè l sèvi avèk rezo sa a, ke State University of New York at Stony Brook ak Laboratwa Brookhaven te inisye, chèchè yo ka transmèt foton ki lye yo faso intrinsèk pa lwa mekanik pwopòsyon yo atravè fib komèsyal. Teste transmisyon foton yo avèk siksè atravè lyen espas lib demontre yon chemen pwomètè pou konekte aparèy pwopòsyon sou long distans. Chèchè yo prevwa pou yo kapab itilize lyen optik espas lib la pou konekte òdinatè pwopòsyon alavni nan State University of New York at Stony Brook ak Laboratwa Nasyonal Brookhaven, epi odela, sa ki pral pèmèt yo travay ansanm epi abòde kèk nan defi syantifik ki pi ijan nan peyi a.

**Enfòmasyon sou State University of New York**
State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medsin, de fakilte odontoloji, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl fakilte optometri eta a, 12 Sant Opòtinite Edikatif, plis pase 30 laboratwa alfabetizasyon dijital (ATTAIN), epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory). An total, SUNY sèvi anviwon 1.7 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè li yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.5 milya dola nan ane fiskal 2025 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi, chak ane, youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.